# Тахтакөпир районы ҳәкими Жамбул Агитаевич Адиловтың район халқына мүрәжаты

Ҳүрметли Президентимиздиң усы жыл 2-октябрь күнги Карақалпақстан Республикасына хызмет сапары даўамында өткерилген мәжилисинде бир қатар ўазыйпалар белгилеп берилген болса, Президентимиздиң 11-ноябрь күнги "2020-2023-жылларда Қарақалпақстан Республикасын комплекс социал-экономикалық раўажландырыў ис-илажлары ҳаққында"ғы ПҚ-4889-санлы қарары тарийхый қарар болды.

Усы қарардағы ҳәмде алдынғы жыллардағы Президентимиздиң хызмет сапарларындағы баянламаларында белгилеп берилген тапсырмалар сондай-ақ Пәрманлары менен Қарарлары тийкарында барлық тараўларда мисли көрилмеген реформалар ҳәм өзгерислер әмелге асырылмақта.

Усы мүрәжәтым даўамында Президентимиздиң Парманлары ҳәм қарарларындағы белгилеп берилген ўазыйпалар ҳәм тапсырмаларға муўапық район аймағында әмелге асырылып атырған жумысларға бирме-бир тоқталып өтемен.

Image not found or type unknown

Социал-экономикалық көрсеткишлердиң өсиў пәтлери, халықтың жан басына салыстырғанда өзгериўи, социаллық қоллап-қуўатлаўға ажыратылған қаржылар, халықтың реал дәраматларын асырыў мақсетинде бир қанша жумыслар алып барылды.

Пүткүл дүньяда жүз берген пандемияның унамсыз ақыбетлерине қарамастан социаллық-экономикалық раўажландырыўдың белгиленген прогноз көрсеткишлерине ерисиў бойынша зәрүр шаралар көрилди.

Атап айтқанда, жыл даўамында санаат кәрханалары тәрепинен 161 млрд. сўмлық санаат өнимлери ислеп шығарылыўына ерисиледи ҳәм өткен жылдың (2019-жылда 93,4 млрд. сўм, Республикадағы үлеси 0,4 пайызды) усы дәўирине салыстырғанда өсиў дәрежеси 115,5 пайызды қурап Республикадағы үлеси 1,5 пайызды қурады.

Соннан 28,3 пайызын районлағы киши бизнес субъектлерине

(39,2 млрд.сўмлық) туўры келмекте ҳәм қалған бөлегин районлағы 2 ири кәрханаларымыздың ("Қарақалпақ Дән өнимлери” АЖ ти ҳәм "Қаракалпақ суў" тәминаты кәрханалары) ислеп шығарылған өнимлерине туўры келмекте.

- тутыныў товарлары көлеми 88,9 млрд.сўмды қурап, өткен жыл

(2019-жылда 74,7 млрд. сўм Республикадағы үлеси 1,1 пайыз) усы дәўирине салыстырғанда өсиў дәрежеси 119,1 пайызды қурап Республикадағы үлеси
5,1 пайызды; (азықлық емес өнимлери мысал; кир жуўыў сабыны, содасы, шырпы, тис жуўыў пастасы ҳәм тағы басқалар)

- аймақлық санаат өнимлери көлеми 59,2 млрд. сўмды, өткен жылдың (2019-жылда 33,9 млрд. сўм Республикадағы үлеси 0,4 пайызды) усы дәўирине салыстырғанда өсиў дәрежеси 110,1 пайызды, Республикадағы үлеси

0,8 пайызды қурады.

Бул өсиў дәрежесине ерисиўмиздиң мысалы 2019-жылда районда

25 ислеп шығарыў кәрханалары болған болса, 2020-жыл жуўмағы менен жаңадан шөлкемлестирилип 61 санаат кәрханаларына жетти.

("Kegeyli exstract" ЖШЖ ти боян тамыры экстракти, "Good Salt production" ЖШЖ ти “ас дузын қайта ислеп шығарыў", "Dawren" ЖК металдан бўйымлар ислеп шығарыў)

- тийкарғы капиталға өзлестирилген инвестициялардың улыўма көлеми миллий валютада 111,7 млрд. сўмды, өткен жылдың (51,2 млрд. сўм, Республикадағы үлеси 0,6 %) усы дәўирине салыстырғанда өсиў дәрежеси 142,8 пайыз, Республикадағы үлеси 1,2 пайызды;

2020-жыл жуўмағы менен туўрыдан-туўры 1,6 млн. АҚШ долларлық сырт ел инвестициялары өзлестирилди.

Атап айтқанда, "Сейт шарўа" ф/х 490 мың АҚШ доллар, "Данияр шаруа" ф/х, 247 мың АҚШ доллар, "Agro Kompleks Karakalpakstan" ЖШЖ ҚК,

170 мың АҚШ долларлық, "Тахтакөпир жайлаўлары" кооперативи 247 мың АҚШ доллар, "Амиробод Мансурбек чорва" ф/х 132 мың АҚШ доллар, "Амирхан Насил чорва" ф/х 80 мың АҚШ доллар,"Саўда орайы" ЖШЖ ти
330 мың АҚШ долларлық инвестициялар өзлестирилди.

-қурылыс жумыслары 76,4 млрд. сўмлық көлемге орынланып, өткен жылдың (2019-жылда 55,0 млрд. сўм, Республикадағы үлеси 1,6 пайызды) усы дәўирине салыстырғанда өсиў дәрежеси 121,9 пайызды, Республикадағы үлеси 2,6 пайызды;

-хызметлер көлеми 61,9 млрд. сўмды, өткен жылдың (2019-жылда

58,4 млрд. сўм, Республикадағы үлеси 1,0 пайыз) усы дәўирине салыстырғанда өсиў дәрежеси 102,7 пайызды, Республикадағы үлеси 1,1 пайызды қурады ( улыўма аўқатланыў орны, шаштәрез гөззаллық салоны, пайнет, автомобильлерге техник хызмет көрсетиў, автомойка, тойхана ҳәм тағы басқа).
-аўыл хожалығындағы көлеми 248,4 млрд. сўмды, өткен жылдың

(2019-жылда 205,4 млрд. сўм) усы дәўирине салыстырғанда өсиў дәрежеси 101,9 пайызға орынланып Республикадағы үлеси 4,0 пайызды қурады.

Пандемия дәўиринде халықтың турмыс шараятының төменлеўине жол қоймаў, халық жан басына туўры келиўши зәрүрли өним ҳәм хызметлер көлеминиң төменлеўиниң алдын алыў бойынша жумыслар алып барылды. Атап айтқанда, халықтың орташа жан басына:

- санаат өнимлери 3 424,1 мың сўмды;

- халық тутыныў буйымлары 2 197,1 мың сўмды;

- аўыл хожалығы өнимлери 6 140,0 мың сўмды;

- инвестициялар 2 070 мың сўмды;

- қурылыс жумыслары 1 886,9 мың сўмды;

- усақлап сатыў саўда 3 166,7 мың сўмды;

- хызметлер 1 517,2 мың сўмды қурап, өткен жылға салыстырғанда сезилерли асыўына ерисилди.

Ҳүрметли Президентимиздиң Парманлары ҳәм қарарларына муўапық, 2020-жыл даўамында районымыздағы коммерциялық банклер тәрепинен жәми 51,0 млрд.сўмлык кредитлер өзлестирилген болса, соннан

46,6 млрд.сўм муғдары жеңиллетилген кредитлер есапланады.

Жеңиллетилген кредит қаржыларының ишинде “Шаңарақлық исбилерменликти раўажландырыў” мақсетинде 357 ден аслам шахсларға жәми 8 млрд. 547,1 млн. сўм муғдарында жеңиллетилген кредит қаржлары ажыратылып берилди.

Атап айтқанда:

- Өзбекстан Республикасы Президентиниң 3777-санлы қарары тийкарында "Ҳәр бир шаңарақ исбилермен" мәмлекетлик бағдарламасы шеңберинде 335 шахсларға 7 млрд 486,7 млн. сўмлық;

- Өзбекстан Республикасы Президентиниң 5242-санлы Пәрманына мууапық, өнерментшиликти раўажландырыўға 8 шахсқа 219,2 млн. сўмлық;

- Өзбекстан Республикасы Президентиниң 5325-санлы Пәрманы тийкарында Ҳаял-қызларды ҳәм шаңарақты қоллап-қуўатлаў жәмийетлик фонды тәрепинен 11 физикалық ҳәм юридикалық шахсларға 139 млн.сўмлық;

- Өзбекстан Республикасы Президентиниң 5466-санлы қарары тийкарында "Жаслар-келешегимиз" бағдарламасы тийкарында 3 физикалық ҳәм юридикалық шахсларға 703 млн. сўмлық кредит қаржылары ажыратылды.

Бул қаржылар белгиленген жөнелислер бойынша халық бандлигин тәмийинлеў, исбилерменликти қоллап-қуўатлаў, халық дәраматларын асырыў мақсетлеринде ислетилип атыр.

2020-жыл даўамында жергиликли бюджет қаржылары есабынан

10 млрд. 875,3 млн.сўм қаржылар сарыпланды. Атап айтқанда еркин қалдық қаржылары есабынан 4 млрд 434,2 млн.сўм, район ҳәкимлигиниң сақлаў фонды есабынан 946,5 млн.сўм ҳамде дараматлар режесинен артық орынлаған бөлеги есабынан 5 млрд 590,0 млн.сўм сарыпланды.

Тийкарынан бул каржылар социаллық объектлерди капитал оңлаў, гүз қыс мәўсимине таярлық көриў ҳәмде жаслардың бәнтлигин тәмийинлеў мақсетинде жумсалды. Мысал ушын, жаслардың бәнтлигин тәмийинлеўге

1,0 га жер майданға 1,3 млрд.сўмға заманагөй ыссықхана қурылды, “Барно текстил” ЖШЖ жанынан жаслар ушын 450 млн.сўмға аўқатланыў имараты қурылды ҳ.т.б зәрүрликлерге жумсалды.

Бәрше жөнелислер бойынша әмелге асырылған инвестиция жойбарлары, туўрыдан-туўры сырт ел инвестициялары, жойбарлар тийкарында жаратылған жумыс орынлары төмендегилерден ибарат.

- Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2019-жыл 7-ноябрь

күнги "Қарақалпақстан Республикасында шарўашылық тараўларын жедел раўажландырыў ис-илажлары ҳаққында"ғы 4512-санлы қарарына тийкар 2020-жылда жәми 47 млрд. 854 млн. сўмлық, соннан банк кредити
38 млрд. 29 млн. сўмлық 18 инвестиция жойбарлары әмелге асырылды нәтийжеде 117 жаңа жумыс орынлары жаратылыўына ерисилди.

Германия, Қазақстан мәмлекетлеринен районымызға жәми 280 бас нәсилли қарамаллар ҳәм 3000 бастан артық нәсилли қойлар алып келинди.

- туўрыдан-туўры 1,6 млн. долларлық инвестициялар есабынан 2 жойбар әмелге асырылды.

Киши санаат зоналарының унамлы нәтийжелери, оларда исленген жоқары технологиялық ислеп шығарыўлар ҳәм импорт орынын басыўшы өнимлер ислеп шығарыў мақсетинде, районда 2 гектар жер майданында бос турған 2 имәратда жәми 1 мың 187,1 кв.м майданында киши санаат зонасы шөлкемлестирилди.

Шөлкемлестирилген киши санаат зонасында бүгинги күнде

361,5 млн.сўмлық инженер-коммуникация жумыслары алып барылмақта.

Жаңадан шөлкемлестирилетуғын киши бизнес субъектлери санын көбейтиў, олардың экономикадағы үлесин асырыў мақсетинде 2020-жыл даўамында 120

киши бизнес субъектлерин жаңадан шөлкемлестириўреже-графиги белгиленген болса, соннан бүгинги күнде 140 жаңадан киши бизнес субъектлери шөлкемлестирилген болып реже 116,7 пайызға орынланды.

Буннан тысқары 175 жеке тәртиптеги исбилерменлик субьектлери шөлкемлестирилди.

Жумыссыз пуқараларды кәсипке таярлаў, қайта таярлаў ҳәм қәнийгелигин арттырыў бойынша 118 пуқара оқытылды.

Соннан;

- тигиншилик жөнелисине 75 пуқара;

- устаз шәкирт усылында металдан буйымлар жасаўда 15 пуқара,

- гүл басылған гезлемелер ҳәм шақлы буйымлар жөнелисине 15 пуқара,

- ағаштан таярланған халық өнерментшилигине 13 пуқаралардың бәнтлиги тәмийинленди.

Өзбекстан Республикасы Президентинин 2020-жыл 11-август күнги ПҚ-4804-санлы қарарына муўапық, "Атакөл" АПЖ имаратынан Кәмбағал ҳәм жумыссыз пуқараларды исбилерменликке тартыў, олардың мийнет белсендилигин асырыў бойынша оқыў орайы шөлкемлестирилип бүгинги күнде тигиншилик жөнелисинде 19 ҳаял-қызлар кәсип-өнерге оқытылмақта.

Санлы технологияны енгизиў мақсетинде Мәмлекетлик хызметлер орайы имәраты қурылысы жаңадан қурылып (3 млрд. 432 млн. сўмлық) бунда бүгинги күнде электрон тәризде 150 түрдеги хызметлер көрсетилип келинбекте.

Буннан тысқары, район аймағының барлық орынларына интернет тармақлары тартылып иске қосылды.

Экспорт көлемин асырыў, жаңа өнимлердиң экспортын жолға қойыў ҳәм базарларға шығарыў ушын 2020-жыл жәми 1 млн. 485 мың АҚШ доллар экспорт прогнозы белгиленген болса, жыл даўамында 1 млн. 529 мың долларлық өнимлер экспортқа шығарылды ҳәмде жыллық реже артығы менен орынланды.

Әмелге асырылған қурылыс жумыслары пайдаланыўға тапсырылған социал-мәдений ҳәм басқа объектлер, үй жай қурылысында әмелге асырылған жумыслар бойынша районда 2020-жыл даўамында жәми 77 млрд. 327 млн. сўмлық қурылыс жумыслары алып барылды.

"Абад орай" бағдарламасы тийкарында Қарақалпақстан Республикасының жергиликли бюджети қаржылары есабынан жәми 32 млрд. 302 млн. сўмлық қурылыс жумыслары әмелге асырылды.

Соннан, Футбол стадионы (6,1 млрд.сўмлық), Мәжилислер залы

(2,3 млрд. сўмлық), Бәнтликке көмеклесиў орайы имараты
(1,7 млрд. сўмлық), Мәмлекетлик хызметлер орайы (3,4 млрд. сўмлық), "Қараой" АПЖ аймағынан 90 орынға мөлшерленген Мектепке шекемги билимлендириў шөлкеми (3,1 млрд. сўмлық) жаңадан қурылып питкерилди.

Буннан тысқары, Мәдeният бөлими имәраты (4,6 млрд. сўмлық) районлық Медицина бирлеспеси имараты (2,9 млрд. сўмлық), 2-санлы МШБШ (3,5 млрд. сўмға), реконструкция жумыслары алып барылған болса

3 ҳәм 6-санлы улыўма билим бериў мектеп имәратларына (5,4 млрд. сўмлық) капитал қурылыс оңлаў жумыслары алып барылды. Сондай-ақ 4р176 Нөкис-Шымбай-Тахтакөпир автомагистрал жолының 110,5-114 км аралығында (13,1

млрд.сўмлық) реконструкция жумыслары әмелге асырылды.

Көп қабатлы үй жайларға Арал бойын раўажландырыў фонды қаржылары есабынан 4,7 млрд.сўмлық қурылыс оңлаў жумыслары алып барылды.

- Президентимиздиң 2020-жыл 10-январь күнги "Социаллық ҳәм ислеп шығарыў инфраструктурасын раўажландырыў ис-илажлары ҳаққында"ғы ПҚ-4565-санлы қарары тийкарында районлық Санитария-эпидемиология тынышлығы ҳәм жәмийет саламатлығы бөлимине 140,0 млн. сўмлық

14-санлы мектепке шекемги билимлендириў шөлкемине 2,9 млрд.сўмлық ҳәмде 8-санлы улыўма билим бериў мектебине 4,0 млр.сўмлық реконструкция жумыслары алып барылды.

- "Кризиске қарсы гүресиў жамғармасы қаржылары есабынан

12-санлы улыўма билим бериў мектеп имаратына 2,2 млрд. сўмлық ҳәмде 2,8 км ишки жоллар (788,2 млн. сўмлық) ҳәмде көп қабатлы уй-жайларға ишимлик суўын тартыў (2,9 млрд. сўмлық) реконструкция жумыслары алып барылды ҳамде пайдаланыўға тапсырылды.

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2019-жыл 20-февралдағы «Абат аўыл» бағдарламасын 2019-жылда әмелге асырыў бойынша қосымша ис-илажлар ҳаққында”ғы ПҚ-4201-санлы қарарына муўапық, районымызда 2019-жылы “Абад аўыл” бағдарламасына Тахтакөпир, Мулик ҳәм Даўқара АПЖлар киритилген болып, Соннан;

“Абад аўыл” бағдарламасына қурылыс оңлаў ҳәм абаданластырыў жумыслары ушын 32.2 млрд сўм қаржы ажыратылыўы режелестирилген болып, әмелде 33 млрд. сўмлық (103%) қурылыс жумыслары әмелге асырылды. Соннан:

Райондағы банк филиаллары тәрепинен 448 млн. сўм кредит ажыратылыўы режелестирилген, әмелде 607 млн. сўм (135%) кредит ажыратылды.

- Жеке тәртиптеги үй-жайларды оңлаў жумысларын алып барыў ушын 75 дана үй-жайлар режелестирилген, әмелде сметалық баҳасы 607 млн. сўмлық

77 дана үй-жайлардың (102%) оңлаў жумыслары алып барылды.

- Ишимлик суўы менен тәмийинлеў бойынша Тахтакөпир АПЖ аймағына сметалық баҳасы 286 млн. сўмлық 1,7 км суў тармағын тартыў ҳәм оңлаў жумыслары режелестирилген, әмелде 1,7 км (100%) ишимлик суў тармақларынық қурылыс жумыслары алып барылды.

- Суў хожалығы ирригация тармақларын оңлаў жумыслары ушын сметалық баҳасы 689 млн. сўмлық 6 км (Мүлик АПЖ 2 км, Тахтакөпир АПЖ

4 км) режелестирилген, әмелде 6 км (100%) оңлаў ҳәм қазыў жумыслары алып барылды.
- Электр энергиясы менен тәмийинлеў бойынша сметалық баҳасы

166 млн. сўмлық 165 дана (Даўқара АПЖ 66 дана, Мүлик АПЖ 53 дана, Тахтакөпир АПЖ 46 дана) ағаш бағаналарды темир бетон ағаналарға алмастырыў режелестирилген, әмелде 294 млн. сўмлық 277 дана ағаш бағаналарды (Даўқара АПЖ 67 дана, Мүлик АПЖ 94 дана, Тахтакөпир АПЖ 116 дана) темир бетон бағаналарға (167%) алмастырылды.

Сметалық баҳасы 1,4 млрд. сўмлық 27 км (Даўқара АПЖ 5 км, Мүлик АПЖ 10 км, Тахтакөпир АПЖ 12 км) электр линияларын оңлаў режелестирилген, 27 км (100%) электр линияларға оңлаў жумыслары алып барылды.

Сметалық баҳасы 357 млн. сўмлық 5 дана (Даўқара АПЖ 2 дана, Мүлик АПЖ 2 дана, Тахтакөпир АПЖ 1 дана ТП жаңадан орнатыў) трансформатор пунтлерин алмастырыў ҳәм оңлаў режелестирилген, әмелде 374 млн. сўмлық 19 дана (380%) ТП орнатыў ҳәм оңлаў жумыслары алып барылды.

- Табий газ бенен тәмийинлеў бойынша Тахтакөпир АПЖ аймағында сметалық баҳасы 122 млн. сўмлық 9.4 км оңлаў жумыслары режелестирилген, әмелде 9.4 км ( 100%) оңлаў жумыслары алып барылды ҳәм буннан тысқары

8 дана газ бөлистириў пунктин (ГРП) оңлаў жумыслары режелестирилген, әмелде 10 дана (125%) оңлаў жумыслары алып барылды.

- Ишки көшелерди оңлаў бойынша сметалық баҳасы 7,7 млрд. сўмлық 26,4 км (Даўқара АПЖ 6,3 км, Мүлик АПЖ 10,1, Тахтакөпир АПЖ 10 км) режелестирилген, әмелде

26,4 км (100%) оңлаў жумыслары алып барылды.

- Социал тараў объектлары бойынша сметалық баҳасы 21 млрд. сўмлық қурылыс оңлаў жумыслары режалаштирилган, әмелде 21 млрд. сўм (100%) оңлаў жумыслары алып барылды.

Мектеплер - реже 8.490 млрд. (13-санлы мектеп 3,1 млрд, 16-санлы мектеп 2,250 млрд, 7-санлы мектеп 2,320 млрд.) әмелде 8.490 млрд. (100%);

Мектепке шекемги билимлендириў мекемелери - реже 2.4 млрд (9-санлы МШБМ 1,2 млрд, 12-санлы МШБМ 1,2 млрд), әмелде 2.4 млрд (100%);

Медецина бирлеспеси - реже 2.6 млрд. (Мулик АПЖ 38-санлы АШП

1,7 млрд, Даўқара АПЖ 37-санлы АШП 700,0 млн, Тахтакөпир АПЖ КТП 150,0 млн.) әмелде 2,550 млрд. (100%);

Районымызда халықтың ишимлик суў менен тәмийинлениў дәрежеси ҳәзирги күнде 62% қурамақта.

- инвестиция дәстүрине муўапық усы жылда "Тахтакөпир суў бөлистириў" имаратында 1,2 млрд.сўмлық реконструкция жумыслары;

- Арал бойын раўажландырыў фонды қаржылары есабынан 23,2 км ишимлик суў тармақларын жаңадан тартыў ҳәм реконструкция жумыслары алып барылды бул жумыслар ушын 5,7 млрд. сўм қаржы сарыпланды.

Жумыс орынларын шөлкемлестириў ҳәм ҳақ төленетуғын жәмийетлик жумысларға тартыў арқалы жумыссызлық дәрежесин ҳәм нарәсмий бәнтлердиң санын қысқартыў мақсетинде жәми 350 турақлы жумыс орынлары жаратылыўы режелестирилген болып, ҳақыйқатта 362 жаңа жумыс орынлары жаратылып реже 103 пайызға орынланды.

2020-жыл даўамында жәми 3016 пуқаралар (ҳаял-қызы 1464)

(жаслары 1129) жумыс пенен тәмийинленди.

Соннан, Өзбекстан Республикасы Министрлер кабинетиниң 2017-жыл

5-октябрьдеги Бәнтлик ҳәм мийнет қатнасықлары Министрлиги жанындағы Хақы төленетуғын жәмийетлик жумыслар фондын шөлкемлестириў ҳаққындағы 799-санлы қарарына тийкар район аймағында жайласқан мәкеме ҳәм кархоналар, мәкан ҳәм аўыл пуқаралар жыйынларына жәми
2873 жумыссыз пуқаралар ҳақы төленетуғын жәмийетлик жумысларға тартылды.

Буннан басқа 157 жумыссыз пуқараларға 89,3 млн. сўмлық жумыссызлық напақалары төлеп берилди.

Жумыссыз пуқаралардын қыйтақ жерлеринен үнемли пайдаланыўды шөлкемлестириў ҳәм өзин-өзи бәнт етиў мақсетинде, 113 шанараққа

243,3 млн. сўмлық, 113 дана 0,45 сотыхлы ыссықханалар (парник) қурылып берилди ҳәмде 12 шанараққа артезиан қудықлары ҳәм суўғарыў үскенелери орнатып берилди.

Буннан тысқары, 3 орында 222,3 млн. сўмлық кооперативлер шөлкемлестирилип “Темир дәптер”ге дизимге алынған шаңарақлардың

100 жумыссыз пуқарасы жумыс пенен бәнт қылынды. ("Agro accept" кооперативине 26, "Polat taxta onimleri" кооперативине 20, “Taxtako’pir qusshiliq” кооперативине 54 жумыссыз пуқаралар)

"Темир дәптер"ге киритилген шаңарақлар, оларды қоллап-қуўатлаў ҳәм камбағаллықтан шығарыў бойынша көрилген шаралар, "Сақаўат ҳәм көмек" улыўма-халықлық ҳәрекети нәтийжелери, "Ҳаяллар" ҳәм "Жаслар" дәптерлерин қәлиплестириў бойынша әмелге асырылған жумыслардың нәтийжеси бойынша Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2020-жыл

19-март күнги ПФ-5969-санлы, 2020-жыл 3-апрель күнги ПФ-5978-санлы пәрманлары ҳәмде Республика арнаўлы коммиссиясының барлық баянлама қарарлары талапларының орынланыўы бойынша "Қайыр сақаўат ҳәм көмек" улыўма-халықлық ҳәрекети шөлкемлестирилип, жәрдемге мүтәж ҳәр-бир

шаңарақты қоллап-қуўатлаў бойынша системалы жумыслар алып барылып бүгинги күнге шекем даўам етип келмекте.

Бүгинги күнде районымызда шөлкемлестирилген “Қайыр сақаўат ҳәм көмек” фондына 185,6 миллион сўмнан аслам қаржылар келип түсип бул қаражетлер халықтың кем тамийинленген қатламының турмыс дәрежесин жақсылыў ушын жумсалды.

Карантин дәўиринде район аймағындағы халықтың жасаў шәраятлары үйренип шығылып, усы жылдың 1-ярым жыллығы даўамында:

- Кем тәмийинленген ҳәм социаллық қоллап-қуўатлаўға мүтәж 480 шаңарақ (шаңарақ ағзасы 2256), соннан;

- пандемия себепли карантин ўақтында дәраматсыз қалған

124 шаңарақ (Шаңарақ ағзалары 540),

- жәрдемге мүтәж кем тәмийинленген шаңараклар 356 шаңарақты курады (Шаңарақ ағзалары 1 мың 716),

Бул шаңарақларды аталыққа алыў, қәўендерлерге бириктириў ҳәм де жумысқа жарамлы пуқаралардың бәнтлигин тәмийинлеў бойынша анық илажлар белгилеп алынды.

Бүгинги күнге келип районлық “Қайыр сақаўат ҳәм көмек” фонды ҳәмде район бойынша ғамхорлық етиўши қәўендерлер тәрепинен жами 960 кем тәмийинленген шаңараққа 240,0 миллион сўм муғдарындағы тийкарғы түрдеги азық-аўқатлық өнимлери менен тәмийинленип, хожалық дәптерине ҳәм saxovat.argos.uz сайтына жайластырып барылмақта.

Соның менен бирге бул шаңарақларға күнделикли азық-аўқат, шарўа маллары, дәри-дарманлар ҳәм нақ пул көринисинде жами 2 млрд. 10 млн. сумнан аслам финанслық жақтан жәрдемлер көрсетилди. Яғный;

- 94 шаңараққа 94 бас қарамал, 21 шаңараққа 42 бас Қой-ешкилер,

20 шаңараққа 600 бас таўық (парранда), 246 шаңараққа 115,4 млн.сўм нақ пул көринисинде, 14 шаңараққа 31,2 млн.сўмлық ыссықхана (парник),
51 шаңараққа 7,4 млн.сўмлық дари дармақлар ҳәмде 73 шаңараққа
7,7 млн.сўмлық коммунал төлемлерден қарыздарлығы төлеп берилди.

Буннан басқада бүгинги күнде Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2020-жыл 9-июль күнги 346-Ф санлы бийлиги тийкарында коронавирус пандемиясы дәўиринде халықтың социаллық жәрдемге мүтәж қатламларын жанеде қоллап куўатлаў мақсетинде 480 шаңарақларға

(1977 ағзасаы) 280 млн. сўмлық нақ пул көринисинде тарқатылып берилди.

Өзбекстан Респуликасы Президентиниң 2020-жыл 30-июль күнги коронавирус пандемиясы дәўиринде халықтың жәрдемге мүтәж болған қатламларын қоллап-қуўатлаўға бағдарланған ПФ-6038-санлы Пәрманына муўапық ҳәр бир аўыл, көше ақсақаллары тәрепинен усыныс етилген жәрдемге мүтәж болған 480 шаңарақ белгилеп алынды ҳәм бул шаңарақлардағы ҳәр бир жан басына 220 мың сумнан жәрдем пуллары жеткерилип берилди. Район бойынша 480 шаңараққа (1974 ағза саны) 434,3 млн.сўм.

Өзбекстан Респуликасы Президентиниң 2020-жыл 26-август күнги халықты социаллық қоллап-қуўатлаўға бағдарланған қосымша ис-илажлары туўрысындағы ПҚ-4815-санлы Пәрманына муўапық жәрдемге мүтәж шаңарақлардың балаларын қысқы кийим, мектеп формасы ҳәм оқыў қураллары менен тәмийинлеў мақсетинде райондағы «Темир даптер» ге киритилген шаңарақлардың 16 жасқа толмаған балаларына, бағыўшысын жоғалтқан напақасын алыўшы ҳәмде нагиранлығы болған 16 жасқа толмаған балаларға яғный шаңарақтағы ҳәр бир 16 жасқа толмаған балаға 500 мың сумнан 1586 балаға 793 млн. сўм төлеп берилди.

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2020-жыл 30-июль күнги коронавирус пандемиясы дәўиринде халықтың жәрдемге мүтәж болған қатламларын қоллап-қуўатлаўға бағдарланған ПФ-6038-санлы Пәрманына муўапық ҳәр бир аўыл, көше ақсақаллары тәрепинен жәрдемге мүтәж болған 480 (1974 ағзалары) шаңарақ усыныс етилип “Темир дәптер” ге киритилди. Соның менен “Темир дәптер” де есапта қалған 272 (1098 ағзалары) шаңарақ пенен улыўма 752 (3072 ағзалары) шаңарақ есапқа алынды. Жыл басынан 01.11.2020 жыл ҳалатына “Темир даптер” есабында болған мийнетке жарамлы болған 1293 пуқарадан 1051 пуқарасы (81,0%) жумыс орны менен бәнт етилди.

Ҳүкиметимиз тәрепинен белгилеп берилген ис-илажлар тийкарында исленип атырған қайырхомлық жәрдемлердиң нәтийжесинде усы жылдың алты айлық жуўмағы менен “Темир дәптерге” дизимге алынған кем тәмийинленген ҳәм пандемия дәўиринде дәраматсыз қалған шаңарақларға ҳәр тәреплеме көрсетилип атырған жәрдемлер, олардың жумысқа жарамлыларының бәнтлигин тәмийинлеў, өзин-өзи бәнт етиўлери ушын ажыратылған имканиятлардан туўры пайдаланған 208 шаңарақлардың жасаў шараяты жақсыланғанлығы себепли кем тәмийинленген шаңарақлар (темир дәптерден) есабынан шығарылды.

Усы жылдың 10 айлығы жуўмағы менен “Темир дәптерге” дизимге алынған 752 (3072 шаңарақ ағзасы) кем тәмийинленген ҳәм пандемия дәўиринде дәраматсыз қалған шаңарақлардан пуқаралар жыйынлары басшылары, аўыл ақсақаллары усынысы менен жасаў шараяты жақсыланғанлығы себепли 496 кем

тәмийинленген шаңарақлар (темир дәптерден) есабынан шығарылды. Темир даптерден шығарылған шаңарақлар бойынша өткерилген мониторинг нәтийжелери бойынша 496 шаңарақтың 676 ағзасы жумыс пенен бәнт етилген.

Соның менен бирге усы жылда "Темир даптер"ге киритилген жами

960 шаңарақтан 208 шаңарақ 1-ярым жыллық жуўмағы менен, 496 шаңарақ
10 айлық жуўмағы менен район бойынша жами 704 шаңарақ яғный
73,3 пайызы "Темир даптер" есабынан шығарылды. Нәтийжеде 1-ноябрь ҳалатына Темир дәптерде 256 (952 шаңарақ ағзасы) шаңарақ қалмақта. Бул шаңарақлардыда “Темир даптер” ден шығарыўда жоқарыда қөрилип атырған илажларды даўам еттирген ҳалда усы жыл жуўмағы менен жасаў шараятлары жақсыланып, дәрамат дерегине ийе қылыў арқалы кем тамийинленген шаңарақ есабынан (темир дәптер) шығарыўдың барлық илажлары көриледи.

(Жыл басынан район бойынша 960 кем тәмийинленген ҳәм пандемия дәўиринде дәраматсыз қалған шаңарақларға жами 2 млрд. 9 млн. 420 мың сум муғдарында шарўа маллары, нақ пуллай, азық-аўқатлық өнимлери ҳәм басқада жәрдемлер көрсетилди)

Усы жылдың 1 октябрь жағдайына бирлемши мағлыўматларға тийкарланып "Ҳаяллар дәптер”не киритилген 172 жумыссыз ҳаял-қызлардың бүгинги күнде 163 ҳаял-қызларын өзин-өзи бәнт етиў илажлары көрилди. Булардан 3 ҳаял-қызларға субсидия ажыратылды, 4 ҳаял-қызларға банк кредитлери ажыратылды, 109 ҳаял-қызлар исбилерменлерге бириктирилди.

Бул жумыслар бирлемши мағлыўматлар тийкарында исленген жумыслар болып, бүгинги күнде маҳалле ҳам шаңарақты қоллап-қуўатлаў бөлими ҳәм өзин өзи басқарыў уйымлары тәрепинен инвентаризация жумыслары өткизилмекте.

Инвентаризация нәтийжеси менен бул жөнелистеги жумысларымызды қайтадан режелестирип алып шөлкемлестириў илажлары көриледи.

“Жаслар дәптери”н қәлиплестириў ҳәм 18-30 жас аралығындағы жумыссыз жасларды анықлаў мақсетинде инвентаризация жүргизилди.

Хатлаў нәтийжесинде 18-30 жас аралығындағы 8076 жаслар менен сәўбетлесиўлер өткерилди. Соннан 1456 жас рәсмий секторда,

3259 жас нарәсмий секторда жумыс ислеп атырған болса, жумыссыз жаслар саны 1425 ти қурады. Усы анықланған 1425 жумыссыз жасларды “Жаслар дәптери”не киритип, олардың бәнтлигин тәмийинлеў, кәсип-өнерге оқытыў бойынша тараўлар кесиминде ис-илажлар бағдарламасы ислеп шығылды.

Атап айтқанда:

- 186 жасты қызығыўшылықларынан келип шығып, өзлери қәлеген

кәсип-өнерлерге оқытыў, қайта таярлаў ҳәм тәжирийбесин асырыў;

- 150 жасты қурылыс тараўында жумыс пенен тәмийинлеў;

- 175 жасты аўыл хожалығы тараўында жумыс пенен тәмийинлеў;

- 42 жасты ислеп шығарыў кәрханаларында бәнтлигин тәмийинлеў;

- 61 жасты хызмет көрсетиў кәрханаларында бәнтлигин тәмийинлеў;

- 312 жасты өзин-өзи бәнт қылыў жөнелислери бойынша;

- 362 жасты ҳақ төленетуғын жәмийетлик жумысларға қамтып алыў;

- 125 жасты өз қәнигелиги бойынша мәмлекетлик уйымлар ҳәм хожалық бирлеспелерине жумысқа жайластырыў арқалы бәнтилигин тәмийинлеў;

- 12 жастың бизнес жойбарларын қаржыландырыў, исбилерменлик жумысларын жолға қойыў ҳәм кеңейттириў ушын кредит қаржыларын ажыратыў арқалы

бәнтилигин тәмийинлеў белгилеп алынды.

Суў ресурсларынан нәтийжели пайдаланыў мелиорация ҳәм ирригация объектлери.
Усы жылы мәмлекетлик дәстүр тийкарында әмелге асырылыўы режелестирилген 7 мелиорация ҳәм ирригация объектлеринде

3,9 млрд.сўмлық тиклеў-оңлаў жумыслары алып барылды.

Кризиске қарсы гүресиў фонды қаржылары есабынан әмелге асырыўы режелестирилген 5 ирригация объектлеринде 2,3 млрд. сўмлық тиклеў-оңлаў жумыслары орынланып, пайдаланыўға тапсырылды.

Районда кейинги 3 жыл даўамында 1590 гектар майданға суў тежеўши технологияларды орнатыў режелестирилген болса, бүгинги күнде 250 гектар майданда тамшылатып суўғарыў, 120 гектар майданда ийилиўшең трубалар жәрдеминде суўғарыў системасын жолға қойыў мақсетинде үскенелер алып келип орнатылмақта.

Усы реформаларды әмелге асырыў нәтийжесинде әпиўайы суўғарыў усылында мысал ушын 1590 гектар егислик майданларында орташа есапта

8,8 млн. кубометр суў сарыпланатуғын болса, суў тежеўши технологияларды орнатыў нәтийжесинде 4,0 млн. кубометр суў сарыпланып, нәтийжеде - 4,8 млн. кубометр яғный 55 пайыз суў муғдары тежелиўине;

Буннан тысқары, қол мийнетиниң 40 пайызға, жанар май ҳәм минерал төгинлериниң сарыпланыўы 50-55 пайызға тежелиўине ерисиледи.

Аўыл хожалығы тараўындағы жумысларға қысқаша тоқтап өтсем 2020-жыл зүрәәти ушын райондағы 123 фермер хожалықлары тәрепинен 2910 гектар майданға шигит егилип, режедеги 6250 тонна орнына 6331 тонна (101,3 %) пахта өними орташа 21,8 центнерден жетистирилди.

Сондай-ақ, 2020-жыл зүрәәти ушын райондағы 130 фермер хожалықлары тәрепинен 4100 гектар майданға гүзлик бийдай егилип, режедеги 7199 тонна бийдай өними орнына 7762 тонна (107,8%) бийдай өними 18,9 центнерден тапсырылды.

Шарўашылық ҳәм аўыл хожалығы тараўындағы жойбарлар

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң

2019-жыл 3-август күнги 298-санлы қарарына муўапық, районымызда “Қаракөлшилик илимий нәсилшилик тәжирийбе станциясын” шөлкемлестирилди. Бүгинги күнде 1056 бас сүр қойлары алып келинип күтимли бағылмақта.

Балықшылық тараўы бойынша.

Район бойынша жәми 35 балықшылық хожалықлары бар болып, оларға жәми 5106,2 гектар суў асты (көл) жер майданлары ажыратылып берилген, соннан 21 тәбий көллер 4933,6 гектар майданнан ҳәмде 14 жасалма көллер 172,6 гектар майданнан ибарат.

Усы көллерден жыл басыннан 1 мың 235,2 тонна балық аўлап алынды ҳәмде халыққа арзан баҳаларда сатылып келинбекте.

Сондай-ақ, 2020-жылы “Агрокомплекс Қарақалпақстан” ЖШЖ тәрепинен 300 млн.сўмлық жойбар үстинде жасалма көл шөлкемлестирилди.

Дийқан хожалықлары ҳәм тамарқа жер майданлары ҳаққында. Район аймағындағы жасаўшы хожалықларында 6775 ханаданда егислик тамарқа жер майданлары бар. Олар жәми 1372,2 гектар егислик жер майданлары бар болып,

соннан 115 гектар майданды миййели тереклер  ҳәмде 34 гектар майданды жүзимзарлар қурайды.
Районда 2020-жылы диййқан хожалықлары ҳәм қыйтақ жер майданларында бәҳәрги (ерте писер) аўыл хожалығы  егинлери

945,6  гектар майданға егилди. Соннан 491,9 гектар майданға баў-бақша егинлер, 104,1 гектар майданға палыз, 141,3 гектар майданға картошка,
66,2 гектар майданға собықлы егинлер, 23,7 гектар майданға майлы егинлер, 5 гектар майданға салы, 103,8 гектар майданға басқа аўыл хожалығы егинлери егилди ҳәм усы майданлардан 12747 тонна аўыл хожалығы өнимлери жетистирилди.

Сондай-ақ ерте егистен босаған 152,1 гектар майданларға тәкирарий егинлер егилип, 2022 тонна аўыл хожалығы өнимлери жетистирилди ҳәм гүзде 2021-жыл зүрәәти ушын 39,7 гектар майданға тоқсанбасты (чеснок,пияз) егинлери егилди.
Район бойынша 2020-жылы 102 хожалықларда киши ыссыханалар (парниклер) қурылды.
Өзбекстан фермер, диййқан хожалықлары ҳәм қыйтақ жер ийелери Кеңесиниң қоллап-қуўатлаў жамғармасынан, район аймағындағы диййқан хожалықлары ҳәмде «Тамарқа хызмети» ЖШЖлерине аўыл хожалығы егинлерин егиўде 100 тонна картошка туқымы ҳәмде 1500 түп баў-бақша егинлери нәллери жеткерип берилди ҳәмде ыссықхана қурыў, паррандашылык, шарўашылық ҳәм басқа жөнелислер ҳәмде суўғарыў  қудықларын қазыў жумысларына 160 млн. сўм қарежетлер ажратылды.

Мектепке шекемги билимлендириў мәкемелеринде әмелге асырылған унамлы  нәтийжелер, сондай-ақ, жаңадан шөлкемлестирилген мәмлекетлик емес мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлерине балаларды қамтып алыўдағы унамлы өзгерислер, аўыллық жерлердеги жаратылаған шараятлар төмендегише.

Район бойынша 29 мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлери бар болып, соннан 16 мәмлекетлик, 13 шаңарақлық мәмлекетлик емес мектепке шекемги

билимлендириў шөлкемлери жумыс алып бармақта.

Районда 3-7 жастағы балалар саны усы жылдың 1-декабрь ҳалатына 3299 бала болып, соннан 2762 бала мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлерине қамтып алынып, район бойынша қамтып алыў дәрежеси

83,7 пайызды қурайды.

Район бойынша ҳәзирги күнде 23 улыўма орта билим бериў мектеплери жумыс алып бармақта.

2020-жыл Халық билимлендириў бөлимине қараслы жәми 11 улыўма орта билим бериў мектеплерине қурылыс оңлаў жумыслары алып барылды. Атап айтқанда, 8 ҳәм 12-санлы улыўма орта билим бериў мектеплерине капитал реконструкция жумыслары, 3-санлы ҳәм 6-санлы улыўма орта билим бериў мектеплерине капитал оңлаў жумыслары, сондай-ақ, жергиликли бюджет қаржылары есабынан 1, 2, 9, 10, 11, 15, 17-санлы мектеплериде жәми 6,3 млрд сўмлық киши оңлаў жумыслары алып барылды.

Халық билимлендириў бөлимине қараслы билимлендириў мәкемелерине 2020-2021-жаңа оқыў жылына жәми 6 улыўма орта билим бериў мектеплерине жәми 905 869 750 сўмлық инвентарлар, яғный

865 дана парта, 69 дана муғаллимлер столы, 68 дана китап шкафы, 126 дана кийим шкафы, 68 дана муғаллимлер стулы ҳәм 68 дана доскалар ҳәмде
8 улыўма орта билим бериў мектеплери 121 дана компьютер техникалары менен тәмийинленди.

Оларда билим алып атырған жаслар саны 7170, оқыўшыларға

977 оқытыўшылар тәлим-тәрбия берип келмекте. Оқытыўшылардың
917 (93,8 %) жоқары мағлыўматлы, 60 (6,2) орта мағлыўматлы.

2020-жыл тармақ сыйлықлары менен еки оқытыўшы, яғный 1-октябрь «Устазлар ҳәм муғаллимлер күни» мүнәсебети менен 3-санлы улыўма орта билим бериў мектебиниң өзбек тили пәни муғаллими Тилеўова Лиза Шахниязовна ҳәм 10-санлы улыўма орта билим бериў мектебиниң оқыў ислери бойынша директор орынбасары

Джубанышов Нурлепес Ерполатовичлер «Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў ағласы» медаллары менен сыйлықланды.

Медицина бирлеспесиниң 115 емлеў орынлығы болып, соннан

8 орынлық төлемли емлеў орынлығына ийе. Бирлеспеге қараслы 1 көп тармақлы поликлиника, 1 аўыллық шыпакерлик пункти ҳәм
3 шаңараклық поликлиника (аўыллық жерлерде) жумыс алып бармақта.

Ҳәзирги күнде район халқына 69 шыпакер ҳәм 399 орта буўын медицина хызметкерлери медициналық хызмет көрсетип келмекте.

Медицина мәкемелерин медициналық қураллар менен үскенелеў жумыслары жетерли дәрежеде алып барылған болып, атап айтқанда

2019 жылға шекем жәми 599 млн сўмлық ҳәр түрли медициналық қураллар ҳәм буйымлар алып келинген болса, жақын 2019-2020-жыллар аралығында 462 млн сўмлык ҳәм усы жылдың өткен 11 айы даўамында жәми муғдары
112 млн сўмлық медициналық әсбап-үскенелер менен тәмийинленди. Буннан басқада, коронавирус пандемиясы дәўиринде улыўма баҳасы 27 млн. сўмлық
3 дана кислородный концентратор ҳәм 7 дана кислород балонлары Медицина бирлеспесине қәўендерлер есабынан инам етилди.

2018-жылда 1 аўыллық шыпакерлик пункты ҳәм 1 аўыллық шыпакерлик поликлиникасына капитал онлаў жумыслары, 2019-жылда

2 аўыллық шыпакерлик поликлиникасына реконструкция ҳәм капитал онлаў жумыслары алып барылған болса, 2020-жылда Медицина бирлеспесине капитал оңлаў жумыслары алып барылды.

Район аймағында спорт пенен шуғылланыўға нийетин билдирген жасларға қолайлықлар жаратыў мақсетинде усы жылы “Қараой” аўыл пуқаралар жыйыны аймағынан 1000 орынлы футбол стадионы жаңадан қурып пайдаланыўға тапсырылды. Бүгинги күнде районда жәми 28 спорт имаратлары хәм 76 майданшалар бар болса, бул жерде тәлим-тарбия алып атырған балаларымыздың

жеңислерин айрықша атап өтиўимиз орынлы.

2020-жылда Балалар-өспиримлер спорт мектеби тәрбияланыўшылары Өзбекстан Республикасы кубоги ҳәм чемпионатларында спорттың Өзбек жанг санъати түри бойынша 4 гүмис ҳәм 3 бронза медалларын қолға киргизди.

Район аймағында спорт пенен шуғылланыў нийетин билдирген жасларға қолайлықлар жаратыў мақсетинде усы жылы "Қараой" аўыл пуқаралар жыйыны аймағынан 1000 орынлы футбол стадионы жаңадан қурып пайдаланыўға тапсырылды. Бүгинги күнде районда жәми 28 спорт имаратлары хәм 76 майданшалары бар.

Атап айтқанда, 2 стадион, 22 спорт зал, 76 спорт майданшаларынан ибарат.

Районлық Балалар-өспиримлер спорт мектебинде ҳәзирги күнде

738 оқыўшы-спортшы (соннан 215 қыз) спорттың 13 түринен
61 топарда шуғылланып келмекте. Мектепте 26 тренер-оқытыўшы спорт сырларын үйретип келмекте. Буннан басқада, халық билимлендириў бөлимине қараслы улыў ма орта билим бериў мектеплеринде спорттың
9 түринен 86 дөгереклерде 1857 оқыўшы спорт пенен шуғылланып келмекте.

2020-жылда Балалар-өспиримлер спорт мектеби тәрбияланыўшылары Өзбекстан Республикасы кубоги ҳәм чемпионатларында спорттың Өзбек жанг санъати түри бойынша 4 гүмис ҳәм 3 бронза медалларын қолға киргизди. "Жаслар дәптери"н қәлиплестириў бойынша усы жылдың 15-октябрь ҳәм 15-ноябрь аралығында 18-30 жас аралығындағы жумыссыз жасларды анықлаў бойынша хатлаў өткерилди.

Хатлаў нәтийжесинде 18-30 жас аралығындағы 8076 жаслар менен сәўбетлесиўлер өткерилди. Соннан 1456 жас рәсмий секторда,

3259 жас нарәсмий секторда жумыс ислеп атырған болса, жумыссыз жаслар саны 1425 ти қурайды. Коллеж питкериўшилери 106 жас, жоқары оқыў орынларындағы талабалар саны 1223, мектеп питкериўшилер саны

371, соннан жоқары оқыў орынларына кирген оқыўшылар саны 177, коллеж ҳәм техникумларға кирген оқыўшылар саны 25, шет елде ўақтынша жумыс ислеп жүрген жаслар саны 532 ни қурайды.

Усы анықланған 1425 жумыссыз жасларды “Жаслар дәптери”не киритип, олардың бәнтлигин тәмийинлеў, кәсип-өнерге оқытыў бойынша тараўлар кесиминде дәстүр ислеп шығылды.

Атап айтқанда:

186 жасты қызығыўшылықларынан келип шығып, өзлери қәлеген

кәсип-өнерлерге оқытыў, қайта таярлаў ҳәм тәжирийбесин асырыў;

150 жасты қурылыс тараўында жумыс пенен тәмийинлеў;

175 жасты аўыл хожалығы тараўында жумыс пенен тәмийинлеў;

42 жасты ислеп шығарыў кәрханаларында бәнтлигин тәмийинлеў;

61 жасты хызмет көрсетиў кәрханаларында бәнтлигин тәмийинлеў;

312 жасты өзин-өзи бәнт қылыў жөнелислери бойынша;

362 жасты ҳақ төленетуғын жәмийетлик жумысларға қамтып алыў;

125 жасты өз қәнигелиги бойынша мәмлекетлик уйымлар ҳәм хожалық бирлеспелерине жумысқа жайластырыў арқалы бәнтилигин тәмийинлеў;

12 жастың бизнес жойбарларын қаржыландырыў, исбилерменлик жумысларын жолға қойыў ҳәм кеңейттириў ушын кредит қаржыларын ажыратыў арқалы бәнтилигин тәмийинлеў режелестирилген.

2017-2020-жылларда Жаслар аўқамы хызметкерлериниң 1 хызметкери усы системада ҳәм 3 хызметкери басқа системадан жоқары лаўазымларға тайынланды.

2017-2020-жыллар даўамында районымыз жаслары бир қатар халықаралық танлаўларда жеңимпаз болды.

Атап айтқанда, 2018-жыл Беларусия Республикасының Минск қаласында өткерилген «Европа кубогы» халықаралық таңлаўында 17-санлы Балалар музыка ҳәм көркем-өнер мектебиниң скрипка бөлими оқытыўшысы Руслан Абутов II-орынды, 2018-жылдың июль айында Қырғызстан Республикасының Бишкек қаласында өткерилген «Ыссыкөл досларды шақырады» атамасында халықаралық этно-карновалда музыка мектебиниң дуўтаршылар ансамбли I-орынды ийелеген болса, дуўтаршы қызымыз Сейтова Шахсанем II-орынды қолға киритти.

Мәдeният бөлиминиң «Мийрас» фольклор этнографиялық халық жәмәәти 2018-жылдың 30-31-май кұнлери Наўайы ўәлаятында өткерилген «Нурли наволар» халықаралық фольклор фестивалында «Жаслар сейили» композициясы менен қатнасып сыйлы 3-орынды жеңип алды.

2019-жыл ноябрь айында Ташкент каласында өткерилген халықаралык «Опен Азия» таңлаўында музыка мектебиниң «Хурлиман» дуўтаршылар ансамбли 2-орынды ийелеген болса, “Жасканат” аяқ ойыншылар ансамбли сыйлы 3-орынды ийеледи.

Сондай-ақ, усы жылдың 5-ноябрь күни 17-санлы Балалар музика ҳәм көркем-өнер мектебиниң тәрбияланыўшысы Реймбекова Тумарис Анўарбековна Францияның Париж қаласында онлайн тәризде өткерилген

“LE FESTIVAL INTERNOTIONAL PERFEKT» халықаралық таңлаўында қарақалпақ халық миллий сазларының дуўтар жөнелиси бойынша қатнасып, 1-орынды жеңип алып, диплом ҳәм медаль менен сыйлықланды.

Буннан басқада, “Даўқара” аўыл пуқаралар жыйынындағы 13-санлы улыўма орта билим бериў мектебиниң тәрбияланыўшысы, “Зульфия” атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лаўреаты Айжамал Жолдасбаева ғәрезсиз мәмлекетлер аўқамының (МДҲ) әскерий журналистлери арасында II-Жәҳән урысында фашизм үстинен ерисилген жеңистиң 75 жыллығы мүнәсебети менен өткерилген халықаралық таңлаўда сыйлы биринши орынды жеңип алды.

Район аймағында жынаятшылық ҳәм ҳуқықбузарлықлардың алдын алыў бойынша алып барылған жумыслар ҳаққында

Район аймағында аўыр ҳәм жүдә аўыр жынаятлардың алдын алыў мақсетинде қыдырыўда жүрген шахсларды қыдырып табыў мақсетинде «Таң» тадбири, район аймағында ҳәр қандай жүз берип атырған жынаятлардың алдын алыў мақсетинде «Түн» тадбири, «Жаслар арасында наркотик затлардың тарқалыўына қарсы гүресиў айлығы», «Қыдырыў» «Қара дәри» «Турмыс» «Антитеррор-тозалаш» «Арсенеал» «Спитамен» ҳәмде ҳәр пийшемби күнлери «Профилактика күни» деп белгиленгенлиги мүнәсибети менен аймақларда бөлимниң барлық хызмет тараўлары оператив-профилактикалық иләжлар өткерип келинбекте.

Жоқарыда атап өтилген иләжлар нәтийжесинде адам өлтириў, денеге аўыр жарахат жеткериў, намысқа тийиў, тонаўшылық, басқыншылық, бийзарылық, автотранспорт қуралларын алып қашыў, аўыр ақыбетли ЖТҲ, адам саўдасы менен байланыслы жынаятлар жүз берилиўине жол қойылмады. таўламашылық жынаятлары 1ден 0ге, урлық жынаяты 3 тен 1ге -66,7 пайызға кемейди.

Алып барылған иләжлар себепли барлық тараў бойынша жүз берген жынаятлар 10 нан 9 ға -10,0 пайызға кемейип, соннан, жынаят қыдырыў тараўы бойынша жынаятшылық 5тен 5ке турақлы, экономика тараўы бойынша жынаятшылық 2ден 0 ге -200 пайызға, басқа тараў бойынша жынаятшылық 3 тен 4 ке 25,0 пайызға өскен.

Солардан жынаят қыдырыў тараўында өскен жынаятлар:

-алдаўшылық жынаяты 168-ст 0ден 3 ке +300 пайызға,

-16 жасқа толмаған шахс пенен жынсый қатнаста болыў 128-ст

0 ден 1 ге +100 пайызга өсти.

Жынаят қыдырыў тараўында кемейген жынаятлардан:

-урлық жынаяты 169-ст 3тен 1ге - 66,7 пайызға,

-таўламашылық жынаяты 165-ст 1 ден 0 ге - 100 пайызга,

-денеге орташа аўыр жараҳат жеткериу жынаяты 1 ден 0 ге -100 пайызға кемейди.

Экономика тараўы бойынша жынаятшылық 2 ден 0 ге - 200 пайызға кемейди.

Басқа тараўлар бойынша жынаятшылық 3 тен 4 ке:

-ҳәкимшилик бақлаў қағыйдаларын бузыў жынаяты 226-ст 1ден 1 ге -турақлы.

-транспорт қуралларынан пайдаланыў қәўипсизлигин бузыў жынаяты 266-ст 1ден 2ге +50 пайызға өскен.

-ҳайўанат яки өсимлик дүньясынан пайдаланыў тәртибин бузыў жынаяты 202-ст 1 ден 1 ге турақлылығы сақланған.

Район аймағында садыр етилген жынаятларды жәмийетлик қәўпи бойынша таллап көргенимизде

жүдә аўыр турдеги жынаятлар садыр етилмеген.

аўыр турдеги жынаятлар 0ден 2ге +200 пайызға өскен.

аўырдан жеңил жынаятлар 4 тен 2 ге -50,0 пайызға кемейиўине ерисилген.

Тахтакөпир районында жәми 17 пуқаралдар жыйынлары болып, соннан: 10 пуқаралар жыйынларында жынаят жүз бериўине жол койылмаған.

6 пуқаралар жыйынларында (“Қоңыраткөл” АПЖ, “Дәўир” МПЖ, “Маржанкөл” МПЖ, “Жаңадәрья” АПЖ, “Мүлик” АПЖ, “Тахтакөпир” ППЖ, “Қараой” АПЖ) жынаят көрсеткишлери өскен.

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2018-жыл 24-декабрь күнги “Жәмийетлиқ қәўипсизликти тәмийинлеўдиң нәтийжелилигин асырыўға қаратылған қосымша ис-илажлар ҳаққында”ғы ПҚ-4075-санлы қарарының

1-қосымшасына муўапық пуқаралар жыйынлары баслықлары, белсендилери, профилактика (аға) инспекторлары ҳәм олардың жәрдемшилери, жәмийетшилик шөлкемлери ағзалары ҳәм де жынаятшылықтың алдын алыўға өз үлесин қосқан белсенди пуқараларды материаллық қошәметлеў усыныс киритилди.

Районда ҳәзирги күнде Мадeният бөлимине қараслы жәми 4 Мадeният орайлары хызмет көрсетип келмекте.

Мадeният бөлиминде жәми хызметкерлер саны 43, соннан

32 дөретиўши, 11 техник хызметкерлер, соннан жоқары мағлыўматлылар саны 3 хызметкерди қурайды.

Орайдың үш филиали болып, булар «Мақпалкөл», «Өзбекстан», «Даўқара» АПЖ аймақларында жайласқан.

Маденият орайы заманагөй 300 орынға мөлшерленген.

Мәденият бөлиминдеги жәми 20 дөгерекке 486 аслам жаслар қамтып алынған. Буннан тысқары 1 орында Музика ҳәм көркем-өнер мектеби болып, 150 оқыўшыға мөлшерленген, 150 орынлы концерт залына ийе. Бүгинги күнде мектепте 341 оқыўшыға 46 педагог 12 жөнелисте тәлим-тәрбия берип келмеқте, соннан 13 жоқары мағлыўматлы, 29 орта мағлыўматлы.

Мәденият бөлимине қараслы районда 4 Мәденият орайлары, “Шамурат Өтемуратов” атындағы халық театры жәмәәти, “Шуғла” қосық ҳәм миллий ойын халық ансамбли ҳәм “Мийрас” фольклор-этнографиялық халық жәмәәтинен ибарат болып, районымыз халқына мәдений хызмет көрсетип, оларда 27 дөгерек ҳәм жәмәәтлери шөлкемлестирилип, оларға

478 ҳәўескер қатнасыўшылар қамтып алынған.

Усы жылы Мәденият орайлары ҳәмде халық жәмәәтлери тәрепинен

96 түрли атамадағы мәдений илажлар өткерилип, оларға
20508 тамашагөйлер усы илажларға қамтып алынған болса, мәденият орайлары тәрепинен 20 дан аслам мәдений илажлар, ушырасыўлар, “Шеберлик саат”лары ҳәмде фестиваллар шөлкемлестирилди.

2020-жыл Өзбекстан “Миллий тикланиш” демократиялық партиясы Қарақалпақстан Республикасы Кеңеси тәрепинен 15-май “Халықаралық шаңарақ күни” мүнәсибети менен шөлкемлестирилген “Аналар ҳәййиў айтқанда” атамасындағы онлайн таңлаўда “Ш.Өтемуратов” атындағы Халық театры жәмәәти ағзасы Г.Бектемирова “Ең тәсирли ҳәййиў” номинациясы менен сыйлықланды.

2020-жыл ҳәўескерлер арасында өткерилген “Оҳангларим етиб борсин дилларингизга” атамасында онлайн таңлаўда орайлық Мәденият орайы “Бақсылар” дөгереги қатнасыўшысы Байрамбай Жаңабаев сыйлы

2-орынды ҳәм сүўретлеў өнери бойынша "Ижодкор болалар" сүрени астында өткерилген онлайн таңлаўында 6-санлы улыўма орта билим бериў мектебиниң 10-класс оқыўшысы Нурғабулова Қундыз "Энг иқтидорли ижодкор" номинациясын

жеңип алды.

Ҳаял қызлардың жәмийеттеги ролин күшейтиў, оларды ҳәр тәреплеме қоллап-қуўатлаў мақсетинде районлық Мәҳәлле ҳәм шаңарақты қоллап-қуўатлаў бөлими тәрепинен райондағы кәрхана, мәкеме ҳәм шөлкемлерде жумыс алып барыўшы 25 лидер ҳаял-қызлардың дизими қәлиплестирилди. Усы жылдың июнь айында лидер ҳаяллар ҳәм психологлардан ибарат исши топар қатнасында мәҳәллелердеги машқалалы шаңарақларды үйме-үй жүриў арқалы аўыр турмыс шәраятында жасаўшы, нәгиранлығы болған, тынышсыз жағдайдағы шаңарақларға бириктириў белгиленген еди. Үйрениўлер нәтийжесинде тынышсыз жағдайдағы 8 шаңарақ анықланып бул шаңарақларға лидер ҳаяллар бириктирилди, әмелге асырылған түсиндириў жумыслары ҳәм профилактик илажлар нәтийжесинде 6 шаңарақтағы тынышсызлық машқалалары унамлы шешилди, ҳәзирги ўақытта 2 шаңарақ профилактикалық есапта турыпты.

Аймақлардағы анықланған 53 нәгиран перзентлери болған ҳаялларға ҳәр тәреплеме қоллап-қуўатлаў бойынша ис-илажлар белгиленип, Кәсиплик аўқамлары тәрепинен 10 ҳаялға нан писириў печи, 14 ҳаялға тигиў машинасы берилип олардың бәнтлиги тәмийинленди.

2020-жылда аўыр социаллық жағдайға түсип қалған 21 ҳаял-қызлар дизимге алынған болып, олардан бир ҳаялға реабилитация орайынан еситиў аппараты, бир ҳаялдың перзентин даўалатыў ушын қәўендерлерди бириктирген ҳалда 8 млн. 200 мың сўм материаллық жәрдем көрсетилди, 8 ҳаял-қыздың бәнтлиги тәмийинленди, бир ҳаял-қызға нан ҳәм кондитер өнимлерин ислеп шығарыў ушын Халық банки тәрепинен 30 млн. сўм жеңиллетилген кредит ажыратылды, 21 ҳаял-қызға жәми 50 млн. сўмнан артық материаллық жәрдемлер ҳәм азық-аўқатлық өнимлери жеткерип берилди.

Ҳаял-қызлардың сиясый билимин ҳәм ҳуқықый саўатханлығын асырыўға ҳәм де елимизде алып барылып атырған кең көлемли жумыслар ҳаққында халыққа жеткерип бериўди жетерли дәрежеде шөлкемлестириў мақсетинде мәҳәлле басламашыларынан ибарат Жәмийетшилик Кеңеси ҳәм улыўма орта билим бериў

мектеплеринде “Ҳаяллар мәсләҳат орайы” шөлкемлестирилди.

2020-жылдың 25-ноябрь ҳалатына “Ҳаяллар дәптери”не 172 ҳаял-қызлар киритилди.

“Ҳаяллар дәптери”не киритилген 172 жумыссыз ҳаял-қызлардың

164 ҳаял-қызлар жумысқа орналастырылды, соннан, 3 ҳаял-қызға субсидия есабынан ыссықхана қурып берилди, 4 ҳаял-қызға хызмет көрсетиў тараўы бойынша өз исбилерменлигин жолға қойыў ушын банктен 79 млн. сўм жеңиллетилген кредит ажыратылды, 109 ҳаял-қызлар исбилерменлер ҳәм фермерлерге бекитилди, 12 ҳаял-қызларды турақлы жумыс пенен тәмийинленди, 39 ҳаял-қызлар (банк кредити есабынан қусшылық, майда ҳәм ири шақлы мал бағыўды жолға қойыў) өзин-өзи бәнт қылған пуқаралар сыпатында дизимнен өткен.

2019-жылы исбилерменликке оқытылған 12 ҳаял-қыздың бесеўи өнерментшилик, кондитер өнимлерин писириў, тигиншилик жөнелислери бойынша ажыратылған 206 млн. сўм жеңиллетилген кредит есабынан өз исбилерменлик жумысларын жолға қойды, сондай-ақ, Ҳаял-қызларды қоллап-қуўатлаў фонды тәрепинен исбилерменлик пенен шуғылланыў нийетин билдирген 10 ҳаял-қызға 223 млн. сўм муғдарындағы жеңиллетилген кредит есабынан керекли әсбап-үсекнелер алып берилди.

2020-жылда район аймағында 85 ҳаял-қызларды кәсипке оқытыў режелестирилген, соннан 20 ҳаял-қызлар Ҳаяллар исбилерменлик орайы тәрепинен, 18 ҳаял-қызлар районлық Халық бәнтлигине көмеклесиў орайы тәрепинен оқытылды, ҳәзирги ўақытта районлық Халық бәнтлигине көмеклесиў орайы тәрепинен 19 ҳаял-қызларды кәсипке оқытылмақта.

Усы жылдың 17-октябрь күнинен баслап “Ҳаяллар дәптери” бойынша дизимге алыў жумыслары басланып, 21 ноябрь күни жуўмақланды.

Дизимге алыў нәтийжесинде районда 30 жастан жоқары болған

7661 ҳаял-қызларға анкеталар толтырылды. Жәми 247 ҳаял-қызларғ
а, соннан 129 ҳаял-қызлар ишки миграцияда, 118 ҳаял-қызлар сыртқы миграцияда болғанлығы ушын анкеталар толтырылмады.

“Ҳаяллар дәптери”не киритилген 41 ҳаял-қызларға өз исбилерменлигин жолға қойыўы ушын жыллық 3 пайыз үстеме менен 500 млн. сўм кредит ажыратыў режелестирилген.

Район аймағында ишки туризмди раўажландырыў бойынша “Даўқара” аўыл пуқ аралар жыйыны аймағында жайласқан “Бөршитаў” ҳәм оның жанында жайласқ ан «Қаратereң» көлинде экотуризм бағдары бойынша усы жылы 3500 ден п уқаралар келип дем алып кетти. Буннан басқада, районда 1 орында 10 адам ға мөлшерленген мийман үйи ашылды.

Ҳүрметли депутатлар, ҳүрметли сессия қатнасыўшылары,

Улыўмаластырып айтқанда жоқарыдағы атап өтилген район аймағында әмелге асырылып атырған кең көлемли реформалардың ҳәм өзгерислердиң тийкарында халықтың мәпи, олардың бәнтлиги ҳәмде турақлы дарамат дерегине ийе қылыў сондай-ақ, мәмлекет бюджетине төлемлерди көбейтиў тийкарғы мақсетимиз есапланады.

Жыл даўамында жаңадан шөлкемлестирилген исбилерменлик субъектлери ҳәмде басқада тараўлар есабынан жәми 362 жаңа жумыс орынлары жаратылған болса усының нәтийжесинде мәмлекет бюджетине қосымша 443,4 млн.сўмлық төлемлер әмелге асырылды.

2020-жыл ушын 28 млрд. 945,9 млн. сўм реже белгиленип, бүгүнги күн ҳалатына 26 млрд. 268,2 млн. сўм. (реже 90,7 пайызға) 11 айлық реже 23 млрд. 732,8 млн.сўмға белгиленип, әмелде 25 млрд. 645,3 млн. сўм түсим тәмийнленди (реже

109,7 пайызға орынланды).

2020-жыл ноябрь айы учун 2 млрд. 367,5 млн. сўм реже белгиленип, әмелде 3 млрд. 113,0 млн. сўм өндирилди (131,5 пайызға орынланбақта).

Жергиликли бюджетке 2020-жыл 14 млрд. 228,6 млн. сўм реже белгиленип, бүгинги күнде 14 млрд. 53,4 млн. сўм өндирилип, жыллық реже 98,7 пайызга орынланбақта. Жыллық режени артығы менен орынлаў имканиятымыз бар.

2020-жыл декабрь айы ушын белгиленген реже 1 млрд. 523,6 млн. сўм етип белгиленип бүгинги күнде 589 млн.сўм өндирилди (реже 39 пайызға орынланбақта). Белгиленген режелерди 1,2 млрд.сўм артығы менен орынлаў бойынша имканиятларымыз бар.

Ҳүрметли депутатлар, ҳүрметли сессия қатнасыўшылары,

Бул жумысларды даўам еттирген ҳалда кейинги жыллар ушында алдымызға үлкен режелерди белгилеп алғанбыз.

Бул режелеримиздиң ең баслысы Ҳүрметли Президентимиздиң

2020-жыл 11-ноябрь күнги "2020-2023-жылларда Қарақалпақстан Республикасын комплекс социал-экономикалық раўажландырыў ис-илажлары ҳаққында"ғы ПҚ-4889-санлы қарары менен белгилеп берилген Тахтакөпир районында әмелге асырылатуғын ўазыйпалар төмендегилерден ибарат.

Тахтакөпир районында 2021-жылда санаат, аўыл хожалығы ҳәм хызмет көрсетиў тараўларын раўажландырыў бойынша жәми 139,9 млрд.

сўмлық 51 инвестиция жойбарлары иске түсирилиўи ҳәм жаңадан
794 жаңа жумыс орынлары жаратылыўы белгиленген.

Соннан:

- санаат тараўында – 59,9 млрд. сўмлық 18 жойбар, 267 жумыс орыны;

- хызмет көрсетиўде– 36,6 млрд. сўмлық 22 жойбар, 390 жумыс орыны;

- аўыл хожалығы тараўында – 43,4 млрд. сўмлық 11 жойбар, 137 жумыс орынлары жаратылыўы режелестирилген.

Қарарға муўапық, районды социал экономикалық раўажландырыў, халықтың жасаў шараятын жақсылаў, абаданластырыў мақсетинде

2021-2023-жылларда улыўма бахасы 115,2 млрд. сўмлық 44 жойбарды әмелге асырыў белгиленген.

Соннан:

Социаллық тараўда:

Мектепке шекемги тәлимде 2 жойбар, баҳасы 8,5 млрд.сўм;

Халық тәлими мәкемелеринде 6 жойбар, баҳасы 23,5 млрд.сўм;

Дене тәрбия ҳәм спорт объектлеринде 2 жойбар, баҳасы 6,5 млрд.сўм;

Мәдения т орайларында 2 жойбар, баҳасы 4,2 млрд.сўм;

Басқа объектлерде 1 жойбар, баҳасы 2,5 млрд.сўм;

Жолларды реконструкция қылыўда 3 жойбар, баҳасы 16,1 млрд.сўм;

Электр тамийнаты системасында 6 жойбар, баҳасы 9,3 млрд.сўм;

Табиий газ тәмийнатында 4 жойбар, 532 млн.сўм;

Ишимлик суў тәмийнаты системасын реконструкция ҳәм модернизация қылыўда 8 жойбар, баҳасы 15,9 млрд.сўм;

IT-технологияларын раўажландырыўда 1 жойбар, 473 млн.сўм;

Район орайын абаданластырыўда 3 жойбар, баҳасы 4,4 млрд. сўм;

Үлгили жойбарда үй-жайлар қурыўда 1 жойбар, баҳасы 2,5 млрд.сўм;

Кем тәмийинленген ҳәм жас шаңарақлар ушын көп қабатлы жайлар қурыўда 1 жойбар, баҳасы 2,5 млрд.сўм муғдарындағы режелер белгиленген.

Буннан тысқары, аўыл хожалығы тараўында:

Қарарға муўапық, 2021-2022-жылларда Қараөзек ҳәм Тахтакөпир районларында “Qaraqalpaqstan Agrocluster” ЖШЖ пахта тазалаў заводын шөлкемлестириу белгиленген.

Соның ишинде,

- 2022-жыл III-шеректе жыллық куўаты 30 мың тонналық пахта тазалаў заводын шөлкемлестириў;

- 2021-жыл I-шеректе 1 мың гектар жер майданда суў үнемлеўши технологияларды орнатыў;

- 2021-жыл IV-шеректе жыллық қуўаты 6 мың тонна жип ислеп шығарыўды жолға қойыў;

- 2021-жыл IV-шеректе жыллық қуўаты 10 мың тонналық шигитти қайта ислеў заводын қурыў;

- 2022-жыл III-шеректе 12 дана техника сатып алыў;

- 2021-жыл IV-шеректе 300 бас қарамал бағыўға арналған шарўашылық комплексин қурыў жумыслары режелестирилген

Президентимиздиң 2020-жыл 2-сентябрь күнги «Өзбекстан Республикасын Пиллешилик ҳәм қаракөлшиликти раўажландырыў комитети хызметин шөлкемлестириў ҳаққында»ғы ПҚ-4817-санлы қарары менен Тахтакөпир районында 2021-2025-жылларда жәми жайлаў майданы 1,4 млн гектарда инвестициялар көлеми 2,9 млн. долларлық жами 3 қаракөлшилик кластерлер шөлкемлестирилиўи белгиленген.

2021-2025-жылларда қаракөлшилик кластерлери тәрепинен 485 мың бас қаракөл нәсилли қойлары жетистириледи. (бүгинги күнде 97 мың бас).

Усы жойбарлар тийкарында 1 мың 164 тонна жүн жетистириў ҳәм оннан 558 тонна ийрилген жип ислеп шығарыўды шөлкемлестириў белгиленген.

Усы дәўирде 47 мың дана қаракөл терилери ислеп шығарылыўы белгиленген болса, бул терилерден 20 мың дана таяр өнимлер ислеп шығарылыўы ҳәмде 2,5 мың доллар әтирапында экспорт кылыў режелестирилген.

Бул илажлардың әмелге асырылыўы нәтийжесинде келеси жылларда районның инфраструктураларын жақсылаўға, социал-экономикалық раўажланыўына ҳәм халықтың жасаў шараятлары жәнеде жақсыланыўына ерисиледи.